



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, LIDÈ MAJORITÈ SENA A SCHUMER AK MANM KONGRÈ  
NADLER PIBLIYE YON DEKLARASYON ANSANM NAN RANKONT DELEGASYON  
KONGRÈ A JODI A**

"Aprè midi a, nou te rankontre manm Delegasyon Kongrè New York la pou diskite sou efò kontini New York pou konbat pandemi COVID-19 la epi pwoteje Nouyòkè yo - ki enkli prepare pou varyan Omicron an - pandan n ap mete resous federal yo travay nan Eta nou an.

Nouyòkè yo te deja benefisye de pwogram soulajman pandemi yo, epi nan pa lontan lajan federal pou enfrastrikti yo - gras ak Lwa sou Envestisman pou Enfrastrikti ak Travay Bipati a (Bipartisan Infrastructure Investment and Jobs Act) - k ap bay sipò ki enpòtan pou gwo pwojè yo epi k ap ranfòse rekiperasyon ekonomik nou an. N ap kontinye travay ansanm pou ede Nouyòkè ki toujou ap goumen nan enpak ekonomik pandemi an, kreye travay ki byen peye, epi rekonstui ekonomi nou an pi byen."

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)